

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Métode asalna tina basa Latin nya éta *methodos* anu hartina cara-cara, strategi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina hungkulan runtusan sebab-akibat. Métode miboga fungsi pikeun ngungkuluan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2011:34).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode formal. Métode formal nya éta analisis ku cara nimbang-nimbang aspék-aspék formal, aspék-aspék bentuk, nya éta unsur-unsur karya sastra. Métode formal dipilih lantaran métode formal teu bisa dipisahkeun jeung tiori strukturalisme. Ciri utamana ogé nya éta nganalisis kana unsur-unsur karya sastra, laju kumaha hubunganana antara éta unsur-unsur jeung totalitasna.

Sanggeus kapanggih unsur-unsurna, métode anu kadua anu dilakukeun nya éta métode *déskriptif-analitik*. Métode *déskriptif-analitik* mangrupa métode anu dilakukeun kalayan cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satulunya dianalisis. Métode *déskriptif-analitik* nya éta métode anu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta anu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2011:53).

Anu didéskripsikeun nya éta aspék humor tokoh dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri. Lian ti éta, unsur-unsur anu ngawangun ieu carita baris dipedar sagemblengna. Pedaran dina ieu panalungtikan bakal ngadéskripsikeun fakta-fakta anu dijieun tapsiran, laju napsirkeun eusi téks-téks carpon anu ngandung aspék humorna, anu dipatalikeun jeung pangajaran maca siswa SMP.

### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik dokuméntasi jeung téhnik analisis data. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun néangan data nu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan sastra, téhnik analisis data anu dipaké prak-prakan nganalisis jeung milah jeung milih data nu kapanggih dina kumpulan carpon *Ki Merbot*.

### **3.3 Sumber Data**

Anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku karangan Ahmad Bakri, judulna *Ki Merebot*, citakana ka-2, anu diterbitkeun ku penerbit Rahmat Cijulang. Tina éta data bakal ditalungtik jeung dipedar aspék humor anu nyampak dina éta carpon, anu dipatalikeun jeung pangajaran maca siswa SMP.

#### **3.3.1 Idéntitas Buku Kumpulan Carpon *Ki Merebot***

*Ki Merebot* mangrupa buku kumpulan carita pondok Ahmad Bakri, anu medal ku pamedal Rahmat Cijulang taun 1991. Kumpulan carpon *Ki Merebot* kandelna 141 kaca. Di jerona ngamuat 4 judul carpon, nya éta ”Lebaran Poé Jumaah”, ”Abah Mandor”, ”Kiai Modin”, jeung ”Ki Merebot.

#### **3.3.2 Ringkesan Carita Kumpulan Carpon *Ki Merebot***

Kumpulan carpon *Ki Merebot* ngamuat opat carpon. Kumpulan carpon *Ki Merebot* nyaritakeun gambaran kahirupan urang Sunda, utamana dina lingkungan agama, anu dijerona ngandung kritik sosial sarta diwuwuhan ku homor-humor anu seger, tur matak pikaseurieun. Kritik sosial anu ngandung humor ieu, lolobana mah ditepikeun pikeun para toko agama alam harita.

Rupa-rupa pasoalan kahirup masarakat anu dipatalikeun jeung kapercayaan (agama), tapi dina nepikeun pasoalanana, pangarang tapis pisan nyelip-nyelipkeun humor, anu ahirna urang bakal nyakakak macana, di antarana: nyaritakeun ngeunaan géhgérna urang lembur waktu apal yén lebaran téh poé jumaah (”Lebaran Poé Jumaah”), tokoh Abah Mandor anu kungsi masantré salila dua taun, tapi taya tapakna nepi ka kolotna (“Abah Mandor”), nyaritakeun tokoh Julianus Fadhil, 2013

masarakat anu jadi pigur pananyaan salembur ‘Kiai Modin’, tapi ieu tokoh téh sasatna teu apal kana bag-bagan agama (“Kiai Modin”), jeung ‘Ki Madwi’ anu tungtungna manéhna ukur babakti di masigit jadi Merebot (“Ki Merebot”).

### 3.4 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, ku kituna judul ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap:

1. **Struktur**, dina kumpulan carpon *Ki Merbot* karya Ahmad Bakri anu dimaksud dina ieu panalungtikan téh nya éta struktur anu ngawengku téma, palaku, jeung watek palaku, galur, jeung latar dina kumpulan carpon *Ki Merbot* karya Ahmad Bakri.
2. **Carpon**, hasil rékaan nu eusina mangrupa gambaran tina kondisi masarakat.
3. **Humor**, nya éta pangalaman anu nimbulkeun pikaseurieun (H.D. Bastaman, 2004);
4. **Bahan Pangajaran**, anu dimaksud dina ieu panalungtikan téh nya éta hasil analisis struktur jeung aspék humor dina kumpulan carpon *Ki Merbot* karya Ahmad Bakri anu dijadikeun bahan pangajaran maca di smp kelas VII.

Julianus Fadhil, 2013


ASPÉK HUMOR DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARANGAN AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VII

### **3.5 Desain Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) tatahar; (2) ngumpulkeun data; (3) nganalisis data; (4) nyieun kacindekan; jeung (5) nyusun laporan panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, tahap léngkah panalungtikan di luhur baris dibagankeun di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



### **3.6 Ngolah Data**

Dina ngolah data, digunakeun téhnik analisiss data. Sabada data dikumpulkeun, data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu dihandap:

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis Carpon “Ki Merbot” dumasar kajian strukturalis;
- 3) Laju satulunya milihan sawatara carpon anu dianggap raket patalina jeung data anu geus dikumpulkeun.
- 4) Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah;
- 5) Ngadéksripsikeun, nafsirkeun, tur nyindekkeun data nu geus diolah.
- 6) Matalikeun antara struktur carpon jeung aspék humor kana bahan pangajaran di SMP/MTs kelas VII anu disaluyukeun jeung SKKD.

Julianus Fadhil, 2013

**ASPÉK HUMOR DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARANGAN AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VII**

### **3.7 Instumen Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (1998:147) instumén nya éta alat bantu nalika panalungtik ngagunakeun hiji téhnik panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana :

1. Slip data, digunakeun pikeun ngabarikeun milih jeung milah data anu kapanggih tina téks sumber data panalungtikan.

**Tabél 3.1**  
**Conto Slip Data**

- |                                  |
|----------------------------------|
| 1. No.....                       |
| 2. Aspék humor nu kapanggih..... |
| 3. Sempalan carita.....          |
| 4. Palaku.....                   |
| 5. Kaca.....                     |

**Julianus Fadhil, 2013**

**ASPÉK HUMOR DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARANGAN AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VII**